# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ЭТНОСПОРТ ҲӘМ МИЛЛИЙ БАЛАЛАР ОЙЫНЛАРЫН ИЗЕРТЛЕЎДИҢ ДӘСЛЕПКИ КӨРИНИСЛЕРИ

**Ч.Елмуратов –** *магистрант*
*ӨзЖҒКУ*

**Таянч сўзлар:** этноспорт, қорақалпоқ миллий ўйинлари, ҳаракатли ўйинлар, болалар ва ўсмирлар.
**Ключевые слова:** этноспорт, каракалпакские народные игры, подвижные игры, дети и подростки.
**Key words:** ethnic sports, folk games of Karakalpak, outdoor games, children and teenagers.

Этноспорт ҳәм миллий ойынлардың жас әўлад тәрбиясындағы әҳмийети оғада жоқары болып табылады. Халқымыздың жасаў тарийхынан, өткендеги турмысынан белгили болғанындай, миллий ойынлар тек ғана ойынға қуштар балалардың бос ўақытларын мазмунлы өткериўге хызмет етип қоймастан, ал олардың физикалық ҳәм руўхый жақтан жетилисиўинде, соның ишинде, ой-өрисиниң өркенлеўи, тил байлығының артыўы ҳәм интелектуаллық жақтан өсиўинде үлкен әҳмийетке ийе. Әлбетте, миллий ойынлардың жүзеге келиўи ҳәр бир халықтың этнографиясы, жасаў шараяты, ықлымы, географиялық жайласыўы ҳәм миллий үрп-әдетлери менен дәстүрлерине барып тақалады.

Белгили болғанындай, этноспорт сөзи этно ҳәм спорт сөзлеринен қуралған. Этнос сөзи қәўим, халық, этникалық бирлик ҳәм улыўмалық мәнислерди аңлататуғын болса, этноспорт бул қандай да бир халыққа тийисли болған, өзинде сол халықтың миллий үрп-әдетлери менен дәстүрлерин сиңдирген, жергиликли халықтың миллий халық ойынлары тийкарында қәлиплескен спорт түри, деп атаўымызға болады.

Изертлеўлерден мәлим болғанындай, этноспорт бул жаңа термин болып, ол жаңа әсиримиздиң басларында пайда болған, деген жуўмаққа келиўге анық тийкар бар.

Неге дегенде, пүткил дүньядағы Этноспорт ҳәм ески ойынлар Федерациясы (Федерацию исконных забав и этноспорта Россия) 2011-жылда россиялық мәдениятаныўшы илимпаз Алексей Кыласов тәрепинен шөлкемлестирилди. Ол этноспорт түсинигине төмендегише тәрип береди:

Этноспорт – бул спорт илажларының заманагөй фольклорлық формасы болып, ол дәстүрий, миллий ойынларды сап ҳалында сақлап қалыў ҳәм оларды ойыншылар менен тамашагөйлердиң терең аңлаўына имканият береди [1].

Қарақалпақстан Республикасында этноспорт ҳәм миллий балалар ойынларының изертлениўи XIX әсирдиң екинши ярымынан басланады. Яғный 1860-жыллардың ақырында Орта Азия халықларын Европа жәмийетшилигине жақыннан таныстырған, сол дәўирдиң шараятына бола дәрўиш келбетинде үлкемиздиң тарийхын ҳәм этнографиясын үйрениў ушын келген, дүньяға белгили Венгрия шығыстаныўшысы ҳәм саяхатшысы Херман Вамбери (1832-1913) өзиниң этнографиялық бақлаўлары қатарында қарақалпақ балаларының "тоғызқумалақ" (тоғызтомалақ) ҳәм "Асық" ойыны туўралы да баянлаған (Вамбери Х. 1868. 277-279). Бул қарақалпақ миллий балалар ойынлары ҳаққындағы дәслепки илимий дәреклерден болып табылады [2].

Сондай-ақ, ХХ әсирдиң басларында бул бағдарда россиялы бир қатар илимпазлардың илимий жумыслар алып барғанын көриўимизге болады. Әсиресе, 1928-1929-жылларда Қарақалпақстанда изертлеў жумысларын алып барған Оренбурглы үлкетаныўшы этнограф илимпаз Александр Лаврентевич Мелковтың басшылығындағы Қарақалпақ этнографиялық экспедиция топарының дөретиўшилик илимий жумысы оғада әҳмийетли болды. Экспедиция даўамында Қарақалпақ халқының турмысын характерлеўши материаллар, халықтың ҳәр қыйлы тәрепин сәўлелендириўши мыңға жақын фото-сүўретлер, ески үй-руўызгершилик буйымлары, миллий кийим-кеншеклер, ҳаял-қызлар тағыншақлары, қол өнери үлгилери, өнерментшилик, халқымыздың дыйқаншылық турмысы, шарўашылық ҳәм балықшылық және өнерментшилик үлгилери ҳаққында, қулласы, қарақалпақ халқының көркем өнери менен мәденияты, миллий үрп-әдетлери менен дәстүрлерин өзинде сәўлелендириўши бай этнографиялық материаллар жыйналды [3].

А.Л.Мелков сол ўақытта Қарақалпақстанның арқа районларынан Кегейли, Тахтакөпир, Шымбай ҳәм Тахтакөпир районларында болып, жергиликли балалар менен жас өспиримлер ойнайтуғын: «Әўелемен-дүўелемен», «Ат-ешек», «Гүрес», «Қазан», «Аяқ тартпай», «Гешир қопармай», «Ийт қуйрық», «Арқан тартыс», «Өр-теке» ҳәм «Қарақулақ» сыяқлы ойынларынан фото-көринислер алады. Бул фото-көринислер әйне пайытта Россия Илимлер академиясының Уллы Петр атындағы антропология ҳәм этнография музейинде сақланбақта [4].

Бул фото сүўретлердиң ишинде, Хожели қаласындағы қур тамашалары ўақтында жергиликли халықтың дәрўаз ойынларын тамашалап, заўықланып турған көринислери де ушырасады. Бәримизге белгили болғанындай, нешше мың жыллық тарийхқа ийе дәрўазлық өнери өзбек халқында жақсы раўажланған болып, бүгинги күнде елимизде көплеген дәрўазлық өнери династиялары шынжырма-шынжыр сақланып келмекте.

Қарақалпақ миллий балалар ойынларының изертлениўин избе-из даўам еттиргенимизде қарақалпақ тилиндеги баспа ислериниң жүзеге келиўи ҳәм соның нәтийжесинде балаларға арналған оқыў қуралларының жазыла баслаўы, фольклорлық үлгилердиң жәрияланыўына да тәсир жасады. Мысалы, бул бағдарда пидайылық еткен С.Мәжитовтың 1925-жылы баспадан шыққан «Қарақалпақ тилинде әлипбе» китабында ертеклер, жумбақлар ҳәм жаңылтпашлар менен бир қатарда қарақалпақ миллий балалар ойынлары ҳаққында да мағлыўматлар берилген [5].

Атап айтқанда, С.Мәжитов сабақлықтағы сөзлерди тематикалық топарларға ажыратады ҳәм онда:

**Асық ойынлары:** алшы, шикке, бүкке, тайдырма, қәтеп шал бүгем, тап шекем (тәпши ким болса керек. Д.Б), тап гелиш, сақа, салды алшы, басқайлы, қан алшы, жасаўыл таўан, дурдиййан, шүйирме;

**Топ, шүллик басқа ойынлар:** шүллик, қашарман топ, сүрме топ, топлы таяқ, аңғалақ топ, ҳаўа топ, қарс келди, үште қақшымай, ший тасламақ, атламашақ, тақия тебмек, ийт қуйрық, дүрре ким урды, тақым дүрре, ақсақ ғарры, деп келтиреди [6].

Қарақалпақ халық балалар ойынларын изертлеўде россиялы илимпаз Каган Григорий Давидовичтиң де мийнетлери өз алдына. Автор 1969-жылда «Ўқитувчи» баспасында жарық көрген «Каракалпакские народные детские игры» (Қарақалпақ халық балалар ойынлары) атамасындағы китабында сол ўақытларда Қарақалпақстандағы улыўма орта билим бериў мектеплери оқыўшылары арасында ен жайған «Жасырынбақ», «Көз байламашақ», «Топты усла», «Мени тап», «Ким тез табады?», «Жасырынған нәрсе не?», «Қасқыр ҳәм ийтлер», «Топты ким тез алып келеди», «Бир аяқлы эстафета», «Қасқыр ҳәм қойлар», «Шахмат», «Шашка», «Ким шаққан», «Ойлан, тап»,

«Лабиринт бойлап жүр», «Турғынларды көшир» ҳәм «Қашарман топ» сыяқлы жәми 38 ойынды көрсетпе қағыйдасы менен тилге алады [7].

Қарақалпақ халқының биринши академик-сыншысы, белгили илимпаз Марат Көптилеуович Нурмуҳаммедовтың пүткил Өзбекстан илиминдеги илимий мийнетлери бәримизге белгили. Академик өз илимий мийнетлери даўамында қарақалпақ халқының көп әсирлик тарийхқа ийе миллий балалар ойынларының бири есапланған «Асық» ойыны ҳаққындағы илимий мийнети бул бағдарда оғада баҳалы мийнет болды [8].

Автор бул мийнетинде қарақалпақларға тән асық ойыны ҳаққында өзи балалық пайытларында ойнаған, жасы үлкенлерден көрген ҳәм еситкенлери тийкарында келешек әўладларға баҳалы мағлыўматлар қалдырды.

Онда, асықлардың балалар ойнағандағы ҳаўадан жерге түсиў ҳалатлары – "Алшы", "Шикке", "Тауба" ҳәм "Бүк" сыяқлы түрлерине тоқтап өтилип, ойын қағыйдалары анық ҳәм әпиўайы тилде баян етиледи.

Илимпаз бул мийнетинде қарақалпақ балалар асық ойынын "Пеш", "Дордиан", "Алты табан" ҳәм "Төрт асық" түрлерине ажыратады. Оған көре:

**Пеш** – бул асық ойынының ең әпиўайы ҳәм жеңил түри есапланады;

**Дордиян –** жерге 2х1 метр төртмүйешли сызық сызылып, ойналатуғын түри;

**Алты табан** – бул асық ойынның ең жақсы түри болып, ол ойыншыдан өлшемди билиўди, асық атыў шеберлигин ҳәм тактиканы талап етеди. Ойынның "Пеш" түрин қәлеген бала ойнаўы мүмкин, ал "Алты табан"ды тек шебер ойыншы ойнай алады. "Дордианды" да, (илимпаздың пикиринше, "Дордиан" "Пеш" пенен "Алты табан"ның ортасында турады);

Ойынның төртинши түри – **"Төрт асық"** деп аталып, оны тек үлкен жастағы жигитлер ойнаған. Бул ойын қумар (азартная) есапланып, оған пул тигилген. Кишкене жастағы балалар ойынның бул түрин ойнамаған, ойнағанда да олар утысқа асықларын берген.

Улыўма алғанда, асық ойыны туўысқан түркий халықлар менен бирге қарақалпақлардың да ески миллий ойынларынан есапланады. Халық аўызында, "Асық ойнаған азар, топ ойнаған тозар, ҳәммесинен де қой бағып, майын жеген озар", деген мақаллар тегиннен айтылған емес. Бунда бир тәрепleме қаралғанда, асық ойыны қараланады. Не дегенде балалар ойынға ҳәдден тыс берилип кетип, ата-анасына қайыр тийгизбейди яки сабағын оқымай қалады. Екинши тәрептен қаралғанда, ҳәзирги ўақытта балалар арасында дерлик ойналмайтуғын асықтың буннан бир неше әсирлер алдын балалардың жақын жолдасы, шадлы сезимлериниң дәреги болғанын көриўимизге болады. Бул пикирди Академик М.Нурмуҳаммедовтың өзи де тастыйықлайды [9].

Жуўмақлап айтқанда, этноспорт ҳәм қарақалпақ миллий балалар ойынларын изертлеў бағдарында соңғы жылларда К.Есемуратов, П.Шылманов, Д.Беласаров, С.Мылтықбаев, С.Әмирлан, Ө.Әлеўов, С.Алланиязов ҳәм басқа да илимпазлар изертлеў жумысларын алып барды. Деген менен, бул еледе изертлеўди талап етеди. Мысалы:

1. Этноспорт ҳәм миллий ойынлар түсинигин еле де кеңнен анализлеў, этноспорт терминологиясын жаратыў;
2. Миллий сөз ойынлары менен ҳәрекетли ойынларды өз алдына ажыратып үйрениў;
3. Этноспорт ҳәм миллий ойынлардың балалардың жас (мектепке шекемги, киши мектеп жасындағы балалар ҳәм жас өспиримлер) категориясына сәйкеслигин изертлеў;
4. Миллий ойынларды мәўсимлерге ажыратыў;
5. Этноспорт ҳәм миллий ойынлар дизимин қәлиплестириў ҳәм олардың топарларға бөлип үйрениў ҳәм тәрбиялық әхмийетин анализлеў бүгинги күнниң әхмийетли илимий талапларынан болып табылады.

**Әдебиятлар**

1. Кыласов А. http://ethnosport.ru/

2. Әмирлан С.Е. «Қарақалпақ балалар фольклоры үлгилериниң жыйналыў ҳәм жәрияланыў мәселелери». «Халық аўызеки дөретиўшилиги миллий ҳәм улыўма инсаный қәдирияtлар системасында» Халықаралық илимий конференция материаллары. -Нөкис: 2015, 26-27-ноябрь. 17-20-б.

3. Вамбери Х. Мои путешествия, приключения, и на этнология Средней Азии. Филадельфия: JB lippincott & CO. WM. H. Allen & CO., 13, Ватерлоо плейс, Палл Молл, Лондон. 1868. –С. 294-295. 3. О.Юсупов, З.Абдикаримова. «Оренбургтан хатлар». //«Әмиўдәрья»№ 1, 1989. 97-99-б.

4. Экспонаты Кунсткамера (kunstkamera.ru)

5. Әмирлан С.Е. Қарақалпақ балалар фольклоры үлгилериниң жыйналыў ҳәм жәрияланыў мәселелери. –Нөкис: 2015. Халықаралық илимий конференция материаллары. 17-б.

6. Диланов Б. С.Мәжитовтың (Қарақалпақ тилинде әлипбе) сабақлығы туўралы. ӨзИАҚб, // Вестник. 2008. №1. 92-б.

7. Каган Г.Д. Каракалпакские народные детские игры [Текст] / Ком. по физкультуре и спорту при Совете Министров УзССР. Науч.-метод. совет. - Ташкент : «Укитувчи», 1969. –С. 32.

8. Нурмухамедов М.К. Игры в альчики у каракалпаков. // Вестник ККФАН УзССР. – Нукус: 1983. №1.

**РЕЗЮМЕ**. Мақолада этник спорт турлари ва қорақалпоқ миллий болалар ўйинлари ҳақида сўз юритилиб, XIX асрдан буён ушбу масалалар бўйича тадқиқот олиб борган олимларнинг тадқиқот ишлари ва илмий ишлари ўрганилади. Хусусан, жаҳонга машҳур олим ва этнограф олимларнинг қорақалпоқ миллий болалар ва ўсмирлар ўйинлари ҳақидаги илк фикрлари, маҳаллий олимлар, ижодкорларнинг миллий ўйинларини ўрганиш ва нашр этиш масалалари кўриб чиқилади.

**РЕЗЮМЕ**. В научной статье говорится об этноспорте и каракалпакских национальных детских играх, а также изучены исследовательские работы и научные труды ученых, проводивших исследовательские работы по данным вопросам с XIX века. В частности, рассмотрены первые мнения известных в мире ученых и этнографов о каракалпакских национальных детских и юношеских играх, вопросы изучения и публикации в печати национальных игр местными учеными и деятелями творчества.

**SUMMARY.** The scientific article is devoted ethnosport and national children's games of Karakalpak, and learns about the research works and scientific achievements of scientists who have been conducting research since the 19th century. In particular, the views of world-renowned scientists and ethnographers on Karakalpak national games of children and young adults, the issues of research and presentation of national games by local scientists and organizers were discussed in the press.